

LSGMI Building Photo Here

**KI JAN POU REPONN YON KA EVIKSYON (EVICTION)
(KOTE TRIBINAL MANDE-W SOTI
NAN KAY OU LWE-A)**



**SE LEGAL SÈVIS NAN MIAMI
(LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC.)
KI TE FÈ TI LIV ENFÒMASYON SA-A**

ADRÈS TRIBINAL YO

Nimewo ki nan parantèz yo (..) fè konnen nan ki tribinal ou dwe ale

Tribinal ki nan Miami Beach (24)

Miami Beach Branch

(East District)

1130 Washington Avenue

Miami Beach, Florida 33139

Tribinal ki nan Distri Dade (05)

Dade County Courthouse

(Central District)

73 West Flagler Street

Miami, Florida 33130

Tribinal ki nan Nò nan Dade (23)

North Dade Justice Center

(North District)

15555 Biscayne Boulecard

Miami, FL 33160

Tribinal ki nan Caleb Center (20)

Caleb Center

(North Central District)

5400 NW 22 Avenue

Miami, Florida 33142

Tribinal ki nan Coral Gables (25)

(Coral Gables Branch)

(South Central District)

3100 Ponce De Leon Blvd.

Coral Gables, Florida 33134

Tribinal ki nan Sid nan Dade (26)

South Dade Justice Center

(South District)

10710 SW 211 Street

Miami, Florida 33189

Hialeah Courthouse (21)

11 East 6th Street

Hialeah, Florida 33010

MEN BIWO LEGAL SÈVIS YO NAN MIAMI

PI GRO BIWO-A

3000 Biscayne Boulevard #500
Miami, Florida 33137
Telefòn nòm (305) 576-0080
Telefòn pou moun ki soud (305) 573-1578

BIWO REJYONAL YO

**BIWO LEGAL NAN SID LA
SOUTH DADE LAW CENTER**
10720 Caribbean Boulevard #400
Miami, Florida 33189
Telefòn nòm (305) 232-9680
Telefòn pou moun ki soud (786) 242-0207

BIWO NAN KEY WEST
600 White Street
Key West, Florida 33040
Telefòn nòm (305) 292-3566
Telefòn pou moun ki soud
(305) 292-9772

TI BIWO YO

**BIWO NAN HIALEAH
BLANCHE MORTON-CITY OF HIALEAH
NEIGHBORHOOD OFFICE**
300 East 1st Avenue, Nimewo 109
Hialeah, Florida 33010
Telefòn (305) 884-1376
Rele pi gro biwo-a pou konn ki lè yo
yo wè kliyan

**BIWO NAN LIBERTY CITY
LIBERTY CITY COMMUNITY
ENRICHMENT CENTER**
6100-A Northwest 7th Avenue
Miami, Florida 33127
Telefòn (305) 751-5362
Rele pi gro biwo-a pou konn ki lè
yo wè kliyan

**BIWO NAN FLORIDA CITY
FLORIDA CITY NEIGHBORHOOD OFFICE**
1600 NW 6th Court
Florida City, FL 33034
Rele biwo ki nan Sid la (South Dade office)
pou konn li lè yo wè kliyan

I. KÒMANSMAN

Ou resevwa papye eviksyon pou soti nan kay ou lwe-a (eviction). Ou sèvi ak mo sa-a epi ou tande lòt moun sèvi avè-l tou. Men ki sa-l vle di? E byen, eviksyon se yon fason legal pou yon mèt kay mande-w apatman ou lwe-a. Gen lan nou ki lwe kote ki gen de apatman (Duplex), kay, condo osinon nou lwe kay ki ka deplase yo ki rele trelè (trailer). Enfòmasyon ki nan ti liv sa-a pou nou tout. Men, na-p di mo apatman-an ou byen kay pito paske-l pi fasil. Si-w se mèt yon kay mobil, men ou lwe anplasman pou kay la chita-a (lot), epi tou mèt kay la ap bat pou-l fè ni ou menm ak tou kay mobil ou-a soti, gade nan fen ti liv sa-a, paske nou gen kèk bon jan enfòmasyon sou ka pa-w la.

Pou kòmanse yon eviksyon, nòmalmman mèt kay la ta dwe ba-w yon notis pa ekri. Si-w pa fè sa notis la di-w fè-a, osinon ou pa soti, lè sa-a mèt kay la pra-l la jistis pou-l mete yon eviksyon kont ou kote-l mande tribinal distri-a (County Court) pou-l fè-w soti. Jan ou reponn eviksyon-an, se ale w-ale nan tribinal la pou mete repons ou. Epi ou gen yon jijman final pou parèt devan jij kote-w pra-l di jij la sa-w mete nan repons la. Rezon ki dèyè ti liv sa-a, se pou nou ka ede-w fè repons ou.

Tande Byen: Si-w pa peye lwaye-a ou byen ou pa sòti nan lè mèt kay la mande-w pou ba-l kay li-a, mèt kay la pa gen dwa chanje seri pòt yo (lock), fèmèn itilite yo (limyè, dlo ak gas) sou ou, o sinon nenpòt lòt bagay pou-l ta

pouse-w deyò. Sa rele yon eviksyon ilegal e lalwa sou zafè mèt kay ak lokatè kondane zak malonèt sa yo. Si mèt kay la ta fè sa, ou gen dwa fè-l dedomaje-w. Ou ka fè-l peye-w twa fwa lajan lwaye-a, osinon peye-w pou tout dega ki rive yo, ou-a pran lajan-k pi gro nan de ka sa yo, mete ak depans pou peye avoka ki pou reprezante-w nan ka-a. Chak fwa mèt kay ta fè yon zak ke la lwa defann, se yon vyolasyon separe sa ye. Men sa-n vle di: si yon jou mèt kay fèmèn dlo sou ou epi-l ouvè-l, e nan twa jou li chanje seri kay la sou ou, se de ka vyolasyon separe. Ou ka rele-l lajistis pou tou lè de. Pou tèt li fèmèn dlo-a ou ka asiyen-l pou yon valè lajan ki vo twa fwa lajan lwaye-a, epi pou tèt li chanje seri kay la ou ka asiyen-l pou yon lòt valè lajan ki vo twa fwa lajann kay la.

Si mèt kay ou-a ta fè nenpòt nan zak sa yo ke lalwa defann, ou dwe wè yon avoka pou ka jwenn yon lòd ki soti nan tribinal (injunction) ka-p òdone mèt kay la pou-l louvri itilite yo (dlo, gaz ak limyè) o sinon kite-w rantre nan apatman-an. Si-w pa vle retounen, men ou vle asiyen-l, ou gen dwa rele-l la jistis pou dega li koze yo nan Small Claims Court si-w vle asiyen-l ou mwens ke \$5,000.00.

Se yon jij sèlman ki ka òdone-w pou soti. Jan nou di-a, fason mèt kay la ka mande jij la pou-l fè sa se nan tribinal pou-l ale (County Court) pou-l mete yon eviksyon kont ou. Ou resevwa kopi eviksyon-an e ou mete repons ou nan tribinal, kote-w fè jij la konnen sa-k fè mèt kay la pa dwe mete-w deyò.

II. REZON KI FÈ MÈT KAY LA KA METE-W DEYÒ

Nan leta LaFlorid, gen kèk rezon ki ka fè mèt kay la ka mete yon eviksyon kont ou: Ou pa peye lwaye-a, ou vyole kontra-a, yo te ba-w notis pou soti e ou pa-t fè sa, osinon kontra kay la fini e ou pa soti. Na pra-l eksplike-w chak sa nou sot di-w la, e na di-w tou ki sa pou chèche konnen lè wa-p mete repons ou nan tribinal la.

A. Ou pa peye lwaye

Si ya-p mete deyò paske-w pa peye lwaye, defans ou chita sou ki kalite locatè-w ye. Si-w rete nan kay prive epi-w gen yon kontra kay ou dwe li-l pou konn konbyen tan yo ba-w pou peye kay la lè yo ba-w notis. Si sa pa ekri nan kontra-a, oubyen ou pa gen kontra kay, ou dwe resevwa twa jou notis pou peye lwaye-a (Three Day Notice to Pay Rent).

Twa jou notis la dwe fè-w konnen ki kantite lajan-w dwe epi-l dwe di-w ke ou gen jiska 3 jou pou peye lwaye-a osinon soti nan apatman-an. Notis la dwe fè-w konnen ki jou twazyèm jou pou peye kay la ye. Fò-l di-w tou ke Samdi, Dimanch ak jou fèt pa konte nan twa jou yo. Jou ke-w resewa notis la pa konte, kòmanse konte sou jou ki vinn apre-a.

An-n di ke-w resevwa yon twa jou notis pou peye kay la yon Madi. Mèkredi se premye jou, Jedi se dezyèm jou, e Vandredi se twazyèm jou. Sa vle di ke-w dwe peye lwaye-a Vandredi. Si-w ta jwenn menm notis sa-a yon jedi, premye jou-a se Vandredi, Samdi ak Dimanch pa konte, dezyèm jou-a se Lindi e twazyèm jou-a se Madi ki se dat ou dwe peye kay la.

Nan pi fò ka yo, notis la dwe mande-w pou lajan lwaye-a sèlman, san lajan pou reta ak reparasyon pa ladan-n.

Si-w pa resevwa notis sa-a, oubyen notis la pa-t gen tout sa-l dwe genyen yo, la menm ou ka gen yon rezon pou defann tèt nan ka eviksyon-an. Men sonje ke se lè-w peye lwaye-a ke-w gen defans nan ka kote yo vle mete-w deyò paske-w pa peye.

Si-w rete nan **kay piblik** e yo ba-w eviksyon paske-w pa peye lwaye-a, ka-a vinn diferan. Ou dwe resevwa yon notis katòz (14) jou pou peye. Notis la dwe:

- di-w ki kantite lajan-w dwe;
- ba-w dat pou peye kay la osinon soti;
- fè-w konn dwa pou mande jijman si-w pa dakò ak sa-k nan notis la;
- fè-w konnen ke-w gen dwa analize nenpòt papye ke biwo leta (ki okipe zafè asistans pou kay) genyen sou eviksyon-w nan.

Si-w rete nan **Section 8, oubyen lòt pwogram kay gouvènman**, ou dwe gade nan kontra-a pou wè ki kantite jou-w genyen pou peye kay la lè-w resevwa notis pou peye lwaye-a (Notice to Pay Rent). Nòmalman, yon kopi kontra kay la dwe mache ansanm ak papye eviksyon yo.

Petèt ou pa peye lwaye-a paske-w bezwen mèt kay la ranje kay la. Anvan-w fè sa, ou dwe ekri yon notis, voye-l bay mèt kay la 7 jou anvan lè pou peye kay la rive, kote w-ap fè-l konnen tout sa-k bezwen ranje, epi tou ou pa-p peye lwaye-a tout tan-l pa fè reparasyon nan kay la. Lè sa-a sere lajan lwaye-a yon kote. Si-w pa-t ba-l yon 7 jou notis ekri, lè mèt kay la mete yon eviksyon kont ou paske-w pa peye, jij la ka di-w ke-w pa-t

gen dwa kenbe lajan lwaye-a.

B. Kontra-a sispann oubyen vyolasyon lwa ak règleman yo

Petèt ya-p mete-w deyò paske mèt kay la di ke-w kraze kontra-a, ou vyole kèk règleman yo genyen pou apatman yo, osinon pou moso tè kote kay mobil ou-a chita-a, oubyen kèk move bagay yo di ou-ap fè ke otorite pou Distri-a pa pèmèt, osinon ou menase lasante, sekirite ak byenèt lòt locatè yo.

Si-w se yon **locatè prive** (kote se ou ki peye tout lajan kay ou san leta pa mete moso), epi ou gen yon kontra ekri, ou dwe gade-l pou wè ki kantite tan ou genyen pou korije yon vyolasyon nan kontra-a o sinon yon vyolasyon nan lwa yo ak règleman yo. Si-w pa gen yon kontra ekri, dapre lwa lafloride, mèt kay la dwe ba-w pi piti yon notis 7 jou ki ekri tout pwoblèm yo.

Rezon pou yo ba-w notis la se pou ka korije yon pwoblèm osinon sispann fè sa-w pa dwe fè-a. Mo legal la se "cure" ki vle di sispann, o sinon korije pwoblèm yo. Ou sispann, lè-w pa fè bagay ke mèt kay di-w ta-p fè yo ki vyole kontra-a ak lwa yo. An-n di-w ta resevwa yon notis ki di ke se yon vyolasyon lwa yo pou kite vye kamyon-w lan chita nan paking nan. Si-w retire kamyon-an, ou korije pwoblèm nan.

Gen de lè tou ou pa fè sa mèt kay la plenyen ke-w fè nan notis la, oubyen ou fè-l men ou pa kwè ke sa yon pwoblèm, o sinon ou korije pwoblèm nan. Ou gen dwa fè sa sèvi-w yon defans. Men tou, notis la dwe di-w ki sa pwoblèm nan ye. Li pa ka di ou vyole Section 12 nan kontra osinon ou vyole lwa #3 nan règleman ki etabli pou moun ki lwe moso tè pou mete kay mobil yo (park). Se pou-l di-w ki sa menm ou vyole nan lwa-a.

Si-w rete nan **kay piblik** epi yo akize ou menm o sinon moun la kay ou ke nou fè kèk bagay ki menase lasante, sekirite ak byenèt lòt locatè yo, yo dwe ba-w yon notis 7 jou ki di ke ya-p sispann kontra-w. Ou gen dwa pou mande jijman si-w pa dakò ak desizyon ke otorite ki kontrole kay piblik yo prann pou sispann kontra kay ou, a mwen ke se ta pou kòz kriminèl ak dròg.

Si-w rete nan kay piblik epi bagay ki mal yo di ou menm osinon moun lakay ou fè-a pa menase lasante, sekirite ak byenèt lòt locatè yo, lè sa-a, otorite ki kontrole kay piblik yo dwe ba-w yon notis 30 jou ki di-w pou korije pwoblèm ou-an e si-w pa korije-l y-ap sispann kontra-w.

Si-w rete nan **Section 8 oubyen nan nenpòt lòt pwogram kay gouvènman**, gade nan kontra kay ou-a byen pou wè konbyen tan yo ba-w pou korije pwoblèm nan.

C.- Lè kontra-w sispann

Yon dènye enfòmasyon, yo ka mande-w pou soti nan kay la si kontra-w sispann osinon li fini. Si-w se lokatè ki lwe kay prive, epi tou ou gen kontra kay, sa vle di ke kontra-w fini e ou rete nan kay la toujou san-w pa siyen lòt kontra ak mèt kay la.

Si-w se locatè ki lwe kay prive epi ou pa gen kontra kay, mèt kay la dwe ba-w notis ekri pou fè-w soti nan kay li. Se dapre jan-w peye kay la pou konn konbyen jou-w genyen pou soti. Si-w peye lwaye chak semèn, mèt kay la dwe ba-w yon notis 7 jou anvan-w peye-l mwa-a. Si-w peye lwaye chak mwa, li dwe ba-w notis 15 jou anvan-w peye mwa-a.

Zòn **Miami Beach** gen lwa pa yo kote mèt kay la dwe bay lokatè yon notis ekri 30 jou, menm si lokatè-a gen kontra

nan bouch pou-l peye chak mwa, menm si-l gen kontra ekri ki pa di ki jan-l peye lwaye-a.

Nan leta LaFlorid, si-w rete nan kay prive san kontra, mèt kay la gen dwa mande-w soti pou nenpòt ki rezon, depi se pa pou tèt ras, kwayans, koulè, si-w se fi o sinon gason, peyi-w soti, laj, si-e kokobe, stati marital, SIDA, o sinon paske-w gen ti moun. Mèt kay la ka mete-w deyò paske-l pa renmen fòm tèt ou. Ou pa ka parèt devan la lwa ak kalite defans sa yo: lèt doktè ki di-w malad, oubyen ou gen ti moun, osinon ou pa gen kote pou ale.

Men tou, ou ka di ke mèt kay ap bat pou-l mete-w deyò pou-l ka renmèt ou monnen pyès (Retaliation). La lwa kondane sa. (Retaliation) vle di ke mèt kay la eseye monte lajan kay la, osinon mete-w deyò, oubyen li mete-w a pa, paske-w te pote leta plent pou li. Ou ta gen dwa rele yon enspektè kay pou-l vini fè rapò paske twalèt pa jete matyè yo epi mèt kay la pa fè anyen ak sa. Yon lòt bagay ankò, mèt kay la ka vle mete-w deyò paske-w konnen dwa ou kòmm lokatè. Men yon ekzanp, ou ta rasanble tou lòt lokatè yo pou ya-l kote mèt kay la pou-l ranje asansè-a (elevator).

Si-w rete nan **kay piblik**, yo ka mete-w deyò pou kèk rezon, tankou ou pa peye lwaye-a, o sinon ou pa obeyi lwa ak règleman yo. Si-w rete nan **section 8 oubyen lòt pwogram kay leta**, ou dwe li kontra kay la pou wè ki rezon ki ka fè yon mèt kay pa vle-w siyen yon lòt kontra osinon pou-l ta vle mete-w deyò.

III. KI JAN POU METE REPONS NAN TRIBINAL

Nan ti liv sa-a w-ap jwenn yon

papye

ki montre-w ki jan pou mete repons nan tribinal. Premye bagay pou fè se mete nimewo ka-a ak non tout moun ki ekri nan ka-a nan tèt papye-a. Ou pa ka ekri-l nenpòt ki jan gen fason pou fè-l. Mèt kay la se (Plaintiff) la, ki vle di moun ki rele-w lajistis la epi ou menm ou se (Defendant) moun ka-p defann tèt li-a.

Sa-w fè apre, ou li konplent (complaint) la mèt kay la fè kont ou-a. Ou dwe reponn chak paragaf ki nan konplent la. Fò-w ekri si-w dakò ak si-w pa dakò ak chak paragaf. Pa ekzamp, paragaf (1) ka di ou se locatè-a. Ou dwe ekri ke-w dakò ou se lokatè-a. Yon lòt paragaf ka di ke-w pa peye lwaye-a oubyen ou kraze kontra-a. Si-w pa dakò, ekri sa.

Apre ke-w finn di si-w dakò ak si-w pa dakò ak chak paragraph, lè sa-a ekri defans ou.

Pa ekzamp, ou ta ka ekri, “mèt kay la ap ba-w monnen pyès ou paske-w rele enspektè deyè-l, osinon, ou ba-l lajan a lè men-l refize pran-l.”

Apre-w finn ekri repons ou, siyen-l, mete non, adrès ak telefòn ou. La lwa mande pou voye kopi repons la bay mèt kay la oubyen bay avoka-l lè-w mete repons la nan tribinal. W-ap wè kote pou fè sa nan papye repons la ki vinn ak ti liv sa-a. Ou gen dwa mande tribinal pou-l fè jijman kote yon gwoup moun ki nan (jury) ak tandè ka-a pou yo fè desizyon. Se pou ekri nan repons la si-w vle jijman. Men li pa ta bon pou mande sa si se ou menm ka-p parèt nan tribinal la pou kont ou, paske ka-a gen dwa vinn trè difisil.

IV. KI LÈ AK KI BÒ POU METE REPONS OU

Repons ou dwe rive nan tribinal

sou 5yèm jou apre ke ou menm oubyen yon moun nan kay ou te resevwa eviksyon an, osinon apre yo te poste-l nan pòt kay ou.

Senk jou yo konte menm jan-w konte jou yo nan notis twa jou-a. Ou pa konte Samdi, Dimanch ak jou fèt. Jou ou te resevwa eviksyon an pa konte. Jou ki vini apre-a se 1e jou.

Men yon ekzanp, si-w resevwa eviksyon-an nan Mèkredi, Jedi 1ye jou, Vandredi 2yèm jou, ou pa konte Samdi ak Dimanch, Lindi 3yèm jou, Madi 4yèm jou, Mèkredi 5yèm jou. Ou dwe mete repons la nan tribinal avan 4:00 nan lapre midi sou 5yèm jou-a.

Si-w pa ka sonje lè-w te resevwa papye eviksyon-an, gade nan tèt papye-a wa-p wè mo "Summons" ekri. Summons vle di pwose. Anpil fwa, nan zòn kote "summons" ekri-a, yon otorite ki la pou-l fè moun obsève la lwa (Sheriff) ekri o sinon li mete so ki gen dat ak lè-w te resevwa papye yo. Pwose-a vinn ansanm ak eviksyon-an. Pwose-a tankou yon lòd tribinal la ba-w pou reponn eviksyon-an nan 5 jou.

Se pa sèlman tribinal lavil la ki chita nan Flagler Street ki genyen. Gen lòt ti tribinal ankò. Ou dwe mete repons ou nan tribinal kote mèt kay la fè eviksyon-an. Pou konn ki tribinal pou mete repons ou, gade de dènye chif ki nan nimewo ka-w la. Li ka di CC 05 oubyen CC 20, ak lòt nimewo ankò. Adrès ti tribinal yo nan fen ti liv sa-a.

Lè-n pale-w pou mete repons ou, sa vle di pou sèlman ale nan kontwa tribinal distri-a (County Court) e di "mwen vle mete repons mwen sou eviksyon-an". Travayè nan kontwa-a (Clerk) ap pran

repons la nan men-w, osinon la-p voye-w bay travayè ki okipe sa-a. Toujou pote orijinal la ak yon kopi. Travayè tribinal la ap mete orijinal la nan dosye-w epi la-p mete so tribinal la sou kopi-a ak dat ou mete repons la.

Men enfòmasyon ki trè enpòtan pou konnen. Ou dwe mete lajan-w dwe-a nan tribinal la oubyen mande yo konkou pou konnen konbyen lajan-w dwe. Ou dwe ekri tribinal la pou mande yon jijman ka-p pèmèt ou konnen konbyen lajan-w dwe mete nan tribinal la. Si wa-p fè sa, repons ou ap rele "Answer, Motion to Determine Rent and Request for Hearing" sa vle di wa-p fè mouvman pou wè si jij la va detèmine konbyen lajan-w dwe mete nan tribinal la. Nou di kèk koze sou sa nan ti liv sa-a. Pandan jijman-an poko fini, ou dwe toujou mete lajan lwaye -a nan tribinal la chak fwa lè-a rive.

TANDE BYEN: Si-w pa mete lajan lwaye-a nan tribinal la, ou byen si-w pa mete yon rekèt sou papye pou mande konkou jij la pou konn konbyen lajan-w dwe nan sink (5)jou yo ba-w pou reponn eviksyon-an san konte Samdi, Dimanch ak jou fèt yo, ou pèdi tout dwa pou defan-n tèt ou, a mwen ke-w peye, epi mèt kay la genyen ka-w sou ou la menm.

Si-w pa mande tribinal la pou-l chèche konnen konbyen lajan-w dwe, se devwa-w pou pwouve ak papye nan men sa-k fè-w di ke-w pa dwe tout lajan mèt kay la mande pou peye-a. Pa ekzanp, si-w di ou peye-l, bay kopi resi-a.

Si se paske-l pa-t ranje kay la ki fè-w pa-t peye-l, bay kopi lèt ki te avize mèt kay la ke-w ta-p fè kenbe lajan lwaye-a.

Si-w rete nan kay kote se **Section 8** oubyen lòt pwogram gounènman ka-

p peye pou ou, ou dwe depoze sèlman pòsyon lajan pa-w ke ou responsab la dapre sa pwogram gouvèman-am kalkile.

Si y-ap mete deyò paske-w pa peye lwaye epitou ou mande Tribinal la pou-l detèmine konbyen lajan-w dwe, oubyen-w te reponn ke-w peye, Tribinal la ka mete yon jijman pou-l deside konbyen lajan dwe mete osinon pase yon lòd dapre sa-w mete nan repons la.

V. Dènye Jijman

Apre-w mete repons la, mèt kay la osinon avoka-l oubyen Tribinal la ap mete yon dat pou jijman final. Jijman final la, ki se reyèlman jijman pa-w, ap fèt menm kote ou te fè repons la.

Anvan jijman final la, ou ka byen ale nan sa ki rele “Mediation”. Se yon randevou ant ou menm ak mèt kay la ak avoka mèt kay la ansanm ak yon medyatè. Medyatè-a pa yon avoka oubyen yon jij. Medyatè-a se yon moun ki kalifye pou ede-w rezoud pwoblèm ou genyen ak mèt kay la. “Mediation” vle di na-p bat pou n-antann nou. Wa-p eseye bliye kèk bagay, epi mèt kay la ap eseye bliye kèk bagay tou nan sa-l vle ki pou fèt la. Toujou eseye wè si n-a antann nou. Si nan (mediation) randevou chita tande sa-a nou vinn dakò sou yon bagay, wa-p siyen yon papyè ki rele (Stipulation) e jij la ap siyen-l tou. Sa reprezante yon lòd final sou ka-w la. Si ou menm ak mèt kay la pa ka dakò sou anyen, lè sa-a ou ka ale nan jijman. Jijman-an ka fèt nan biwo jij la. Jij la ap chita nan tèt yon tab dèyè yon biwo. Ou menm ak avoka mèt kay la ak mèt kay la ap chita lòt bò tab la ki lonje biwo jij la. Gen de lè yo fè jijman yo nan Tribinal tou.

Mèt kay la prezante ka pa-l anvan.

Ou gen dwa poze mèt kay la ak temwen'l yo kesyon. Sa rele (cross examination). Epi lè mèt kay la fini, ou prezante ka pa-w. Ou ka gen temwen tou. Mèt kay la oubyen avoka-l ka poze temwen-w yo kesyon.

Lè sa-a jij la fè yon desizyon. Si jij la dakò avè-w, pa gen eviksyon. Men tou, gen de lè jij la mete kondisyon nan desizyon li pran menm si-l dakò avè-w. Fè sa-w kapab pou konprann byen sa jij la di-a anvan ou ale.

Si-w pèdi jijman-an, oubyen ou pa-t reponn pwose-a menm, Tribinal la ka òdone yon jijman final pou mete-w deyò nan kay la. Si-w pa soti, Tribinal la ap mande biwo (Sheriff), otorite ki la pou fè moun aplike lalwa, pou fè-w soti ak tout moun, tout bagay ki nan kay ou rete-a.

Notis Sheriff la ba-w la rele **Writ of Possession**. Notis sa-a ba-w 24 èd tan pou soti. Si-w pa gen tan soti anvan Sheriff la rive, mèt kay la oubyen moun ki reprezante-l ka retire tout afè-w ki nan kay la voye deyò. Yo ka fè sa, ke-w lakay ke-w pa lakay, ke-w gen ti moun, osinon ou malad.

Si-w pèdi eviksyon-an, ou gen 30 jou pou mande yo (appeal) rekonsidere ka-w la. Si-w pèdi epitou mèt kay la gen avoka, jij la ka fè-w peye tout depans mèt kay la fè ak depans pou-l peye avoka-a. Si mèt kay la pa-t gen avoka, yo ka toujou òdone-w peye depans li yo.

Ou ka jwenn sa ki di sou zafè eviksyon nan chapit 83, 11yèm pati nan lwa LaFlorid.

VI. MÈT KAY MOBIL YO

Si-w se mèt yon kay mobil (kay ki

ka deplase yo) ki chita nan sou yon moso tè ou lwe (Park), epitou mèt kay la ap bat pou-l mete-w deyò, gen kèk lwa inpòtan ke-w dwe konnen. Pou benefisye lwa sa-a, fò gen o mwens 10 lòt moso tè ke lòt moun lwe kote kay mobil ou-a chita-a.

Si ya-p mete-w deyò paske-w pa peye lwaye moso tè-a (Park), mèt tè-a dwe voye yon lèt sètifye e anregistre ak resi ki pou tounen vinn jwenn li, kote-l ba-w 5 jou pou peye lwaye-a. Menm notis sa-a dwe poste nan kay mobil ou-a. Si-w ka peye lwaye-a nan 5 jou li ba-w yo, ou dwe fè sa. Si-w pa kapab, lè sa-a mèt kay la ap mete eviksyon kont ou nan Tribinal. Lalwa di ke mèt kay la dwe aksepte lajan lwaye-a ak lajan lè te an reta yo, depi ou peye lajan Tribinal ak avoka li.

Men tou, bagay konsa ka rive-w sèlman de fwa. Twazyèm fwa-a ka-w al nan Tribinal paske-w pa peye lwaye-a, mèt kay la pa sipoze ba-w yon lòt chans pou peye lwaye-a, ni lajan lè-w te an reta yo, ni avoka-l ak lajan pou evite eviksyon-an.

Lè-w se mèt yon kay mobil, epi-w lwe yon moso tè (Park), nan pifò ka yo ou dwe jwenn de notis pou nenpòt vyolasyon kontra-a oubyen règleman ki etabli pou moso tè-a (Park). Ou gen jiska trant (30) jou apre-w vyole kontra-a oubyen règleman ak lwa yo, pou resevwa premye notis la, epitou fò-l ba-w set (7) jou pou korije pwoblem nan. Se si-w vyole menm lwa ak règleman yo yon dezyèm fwa nan menm ane-a ke mèt kay la ka mete eviksyon kont ou.

Si yo akize-w fè nenpòt aksyon ki ta menase lavi, lasante ak sekirite osinon byen lòt rezidan ki lwe moso tè tou, lè sa-a mèt moso tè-a (Park) dwe ba-w yon notis 7 jou ki di ke kontra lwaye ou gen

avè-l la fini.

Ou ka jwenn sa ki di sou zafè eviksyon mèt kay ki mobil yo nan Chapit 723 lwa LaFlorid.

VII. SÈVIS REFERAL AVOKA POU LETA LAFLORID

Ou ka rele Sèvis referal avoka pou leta LaFlorid nan nimewo 305-350-5297, e mande pou yo refere-w bay yon avoka nan pwogram (Low Cost Panel) ki pa chaje anpil lajan. Travayè ki nan telefòn ap mande-w konbyen lajan-w fè. Si-w kalifye, la-p refere-w ba yon avoka prive ki pa chaje anpil lajan. Avoka nan pwogram sa-a pa-p chaje-w pou premye trant minit li fè ap pale avè-w la. Si-w pa kalife pou pwogram ki pa chaje anpil lajan-an (Low Cost Panel), y-ap ba-w non yon avoka ki chaje lajan nòmalmen. Men tou, premye trant minit pou-l pale avè-w ap koute \$25.00.